

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa hasil gambaran kahirupan manusa minangka salasahiji réalitas sosial budayana. Gelarna sastra dina hirup-huripna manusa lantaran aya dorongan dasar ti dirina pikeun ngébréhkeun naon-naon nu jadi kahayangna. Ngaliwatan karya sastra bisa témbong kumaha kahirupan sosial jeung budaya hiji masarakat. Salasahijina nya éta kahirupan masarakat Sunda nu diébréhkeun dina karya sastra nu mangrupa eunteung tina kahirupan sarta karakter urang Sunda.

Karya sastra mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu mibanda ciri mandiri, ngandung kaartistikan, ngandung kaéndahan, ngandung kajujuran, ngandung kaorisinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, malahan nganteur kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana (Koswara, 2009:8). Hiji karya sastra bisa dipaké pikeun nyeukeutan uteuk sarta ngalemesan budi hiji jalma lantaran dina sastra ngandung ajén-inajén kahirupan nu henteu nembrak sacara langsung.

Salasahiji hasil karya sastra Sunda nu nyampak kiwari nya éta novel jeung carpon. Sakumaha anu ditétélakeun ku Iskandarwassid (1992:91) novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi. Carita pondok (carpon) nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa (fiksi) dina wangun lancar, prosa naratif (Koswara, 2009:97). Galur carita carpon relatif basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana kajadian utama, palakuna ogé ukur dua tilu sarta mangrupa hiji épisode. Ku lantaran kitu, ieu carita téh relatif pondok.

Ngabahas ngeunaan karya sastra tangtuna waé sarua jeung nyaritakeun ngeunaan saha nu nyiptakeun éta karya sastra sarta saha anu migandrungna. Sastra nu diciptakeun ku salah saurang pangarang can tangtu bisa ditarima ku nu maca. Hal ieu lantaran ayana pasualan ngeunaan ajén karya sastra nu kawilang rélatif béda sarta pamahaman hiji karya sastra nu béda-béda ti masing-masing jalma.

Sakumaha nu ditétélakeun ku Semi (1989:20) yén tiap jalma miboga kasempetan pikeun méré tafsiran kana hiji karya sastra lantaran hakékat sastra téh *poliinterpretable*. Ku lantaran éta, unggal jalma bisa nangtukeun ajén, harti, ma'na, sarta hakékat tina salasihiji karya sastra nu bisa disebut minangka kagiatan kritik sastra.

Karya sastra bisa dijadikeun hiji média pikeun ngawakilan rupa-rupa hal dina kahirupan, salasihijina pikeun ngawakilan kaéndahan wanoja. Loba babasan jeung paribasa nu ngagambarkeun kumaha éndahna wanoja. Malah dina Al-Quran ogé aya salasihiji surat nu husus museurkeun bahasanana ngeunaan wanoja, nya éta surat An-Nisa. Kitu ogé jeung karya sastra nu nyampak dina hirup kumbuh masarakat Sunda loba nu medar ngeunaan pasualan wanoja boh ditilik ti sisi positifna boh ti sisi négatifna.

Karakter wanoja dina unggal karya sastra nu nyampak biasana digambarkeun salaku tokoh nu lemah lembut, nurut kana sagala aturan, sarta cenderung pasif. Karakter ieu patukang tonggong pisan jeung gambaran karakter lalaki nu biasa digambarkeun salaku mahluk nu boga kapunjulan, kuat, cerdas, sarta aktif. Singgetna dina karya sastra nu nyampak wanoja miboga darajat nu leuwih handap ti batan lalaki.

Sugihastuti jeung Suharto (2010:15) nétélakeun yén tina résépsi nu maca karya sastra di Indonesia, sacara umum bisa dititénan yén tokoh wanoja dina karya sastra tinggaleun ti batan tokoh lalaki, misalna waé dina hal latar sosial, atikanana, pacabakanana, kalungguhanana di masarakat, sarta darajat wanoja salaku bagéan integral dina susunan masarakat. Ku kituna, tarékah pikeun maham kana karya-karya sastra nu aya patalina jeung pasualan jénder kalintang penting pisan sakumaha nu katingali dina réalitas kahirupan masarakat sapopoé.

Pangarang mangrupa bagian tina anggota masarakat nu teu bisa leupas jeung budaya masarakatna lantaran kauger ku status sosial sarta kalungguhanana di masarakat. Dina kamekaran sastra Sunda, loba pangarang-pangarang nu ngahasillkeun sawatara karya sastra. Unggal pangarang miboga ciri atawa warna karya séwang-séwangan. Salasahijina nya éta Rahmatullah Ading Affandie atawa nu leuwih kasohor ku sebutan R.A.F. Karya-karya R.A.F loba nu nyaritakeun ngeunaan pasualan jéndér.

Djajanegara (2000:51) nétélakeun yén dina umumna karya sastra anu midangkeun tokoh wanoja biasana bisa ditalungtik dina segi féminismena. Boh carita prosa boh carita puisi tangtuna bisa ditalungtik unsur féminisitasna, kalayan sarat yén kudu aya tokoh wanoja dina éta karya sastra.

Anu jadi dasar pamikiran panalungtikan sastra ngagunakeun pamarekan feminisme nya éta ayana hiji tarékah sangkan maham kana kalungguhan jeung peran wanoja sakumaha nu témbong dina karya sastra (Sugihastuti jeung Suharto, 2010:15). Ku kituna anu jadi puseur panalungtikan dina pamarekan feminisme nya éta peran jeung kalungguhan wanoja dina karya sastra boh éta peranna sacara individu boh sacara mahluk sosial nu hirup di masarakat.

Salian ti pamarekan féminisme nu mangrupa adegan batin dina ieu panalungtikan, dipaké ogé pamarekan struktural minangka adegan lahirna. Dina pamarekan struktural karya sastra mangrupa hiji struktur nu otonom nu raket patalina jeung unsur-unsur pangwangunna.

Nilik kana sawatara pamadegan di luhur, tétéla novel jeung carpon bisa méré ambahan anu kawilang lega dina unsur féminismena saperti dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* nu nyaritakeun kumaha *perjuangan* wanoja-wanoja Sunda jaman kiwari dina nyanghareupan kahirupan nu sakitu rumpilna. Ajén inajén féminis ieu ngébréhkeun kumaha para wanoja ngagunakeun hak-hakna sarta ngalaksanakeun kawajibanana boh salaku wanoja nu hirup di lingkungan kulawarga boh salaku wanoja nu hirup di lingkungan masarakat (sosial). Tokoh lalaki dina dua novel ieu digambarkeun salaku tokoh nu miboga kakuatan jeung kapunjulan séwang-

séwangan nu dirojong ku kamotékaran sarta kakuatan para wanoja nu aya di sabudeureunana.

Anapon dadasar novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* nya éta dina dua karya éta nyangkaruk ajén-inajén féminis idéologis nu dicirian ku ayana ciri-ciri téks féminis. Ciri-éta téks féminis aya opat nya éta: 1) jadi forum pikeun wanoja dina ngedalkeun aspirasina, 2) ayana usaha pikeun ngahontal kasimbangan budaya (*androginitas*), 3) nyadiakeun metode conto ku jalan éksplorasi pangalaman anyar, jeung 4) mromosikeun solidaritas di antara tokoh wanojana (*sisterhood*) (Register dina Isnendes, 2010:48). Salian ti éta dina éta dua karya sastra, tokoh wanojana digambarkeun salaku tokoh nu miboga pribadi séwang-séwangan, tangtuna waé bakal miboga pamikiran séwang-séwangan.

Aya sawatara panalungtikan ngeunaan kritik sastra feminisme nu kacatet ti mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS-UPI dina wangun skripsi, di antarana:

- 1) Munisa Ambarina. 2004. “Unsur-unsur Féminis dina Novel *Kembang-kembang Petingan* Karangan Holisoh M.E”;
- 2) Siti Saribanon Nurjanah. 2004. “Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* Karangan Tini Kartini”;
- 3) Dedi Taopik. 2006. “Citra Wanoja dina Sastra Sunda: Kritik Sastra Féminis Idéologis kana Novel Sunda Saméméh Perang”;
- 4) Tarlan. 2007. “Wanoja jeung Inférioritas (Kajian Féminis kana Novel *Carios Agan Permas* karya Joehana”;
- 5) Ai Rohmawati. 2008. “Citra Wanoja dina Sastra Sunda: Kritik Sastra Féminis Idéologis kana Novel *Pipisahan* Karangan R.A.F”.

Salian ti éta aya tésis nu medar perkara feminisme dina sastra Sunda nya éta “Suara Perempuan dalam Novel Sunda *Puputon* “Buah Hati” Karya Aam Amilia: Kajian Feminisme”. Ieu tésis disusun ku Rétty Isnendes, salasaurang mahasiswa Program Pascasarjana Universitas Gadjah Mada dina taun 2004.

Ku lantaran can aya panalungtikan nu nalungtik ngeunaan citra wanoja dina karya-karya beunang R.A.F hususna novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan

carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén*, perlu diayakeun panalungtikan nu patali jeung gambaran (citra) wanoja sarta aspék-aspék idéologisna. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan lianna aya lebah objék panalungtikanana sarta pamarekan nu digunakeun nya éta didadasaran ku analisis struktural heula. Ku lantaran hal éta, ieu panalungtikan dijudulan *Citra Wanoja Sunda dina Nu Kaul Lagu Kaléon jeung 40 Dongéng Énténg ti Pasantrén Karya R.A.F (Kajian Struktural jeung Kritik Sastra Feminisme Idéologis)*.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Paham ngeunaan citra wanoja dina unggal karya sastra masih kénéh nganggap yén wanoja téh mahluk nu lemah lembut, gugon kana aturan/paréntah, sarta pasif (teu miboga pamikiran sorangan). Sabalikna ti dinya, citra lalaki digambarkeun salaku mahluk nu kuat, pinter, sarta aktif. Hal éta némbongkeun yén lalaki miboga darajat nu leuwih luhur daripada wanoja.

Dina enas-enasna, ieu pasualan aya dina wengkuan pasualan jénder nu mana dina hubungan sosialna ayana bébédaan antara lalaki jeung wanoja. Sanajan karya sastra mangrupa imajinasi pangarang, tapi hal ieu bisa jadi salasahiji cara pikeun nalungtik kumaha hiji pangarang ngagambarkeun tokoh wanoja jeung tokoh lalaki dina hiji karya sastra ngaliwatan pamikiran-pamikiran individu éta tokoh sarta kalungguhanana di masarakat,

Salasahiji wangun karya sastra anu aya patalina jeung pasualan jénder nya éta karya sastra beunang R.A.F. Dina karya-karyana boh wangun novel boh wangun carpon, R.A.F ngagambarkeun ayana hiji hubungan nu raket antara tokoh lalaki jeung tokoh wanoja. Hal ieu témbong dina salasahiji karyana nya éta novel *Nu Kaul Lagu Kaléon jeung kumpulan carpon 40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*.

Luyu jeung idéntifikasi masalah nu geus diébréhkeun, rumusan masalah dina ieu panalungtikan baris diwujudkeun dina wangun patalékan.

- 1) Kumaha struktur intrinsik novel *Nu Kaul Lagu Kaléon jeung kumpulan carpon 40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita?

- 2) Kumaha citra wanoja dina éta dua karya sastra anu ngawengku citra fisik, citra psikis, citra di kulawarga, jeung citra di masarakat?
- 3) Kumaha hubungan citra wanoja dina éta dua karya sastra?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngungkab gambaran umum citra wanoja dina karya sastra beunang R.A.F nu dipiharep bisa ngeuyeuban kabeungharan karya sastra Sunda.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- 1) Struktur intrinsik novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon 40 *Dongéng Énténg ti Pasantrén* nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita.
- 2) Citra wanoja dina éta dua karya sastra anu ngawengku citra fisik, citra psikis, citra di kulawarga, jeung citra di masarakat.
- 3) Hubungan citra wanoja dina éta dua karya sastra.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nya éta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Teoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nya éta hasilna bisa dipaké pikeun salasihiji pangrojong dina pangajaran sastra di sakola jeung di paguron luhur.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat sacara praktis tina ieu panalungtikan nya éta: 1) ngungkab gambaran umum karakter wanoja Sunda dina sastra, hususna dina karya sastra beunang R.A.F nu diwakilan ku novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung kumpulan carpon *40 Dongéng Énténg ti Pasantrén*; 2) ngeuyeuban pangaweruh sarta pamahaman dina ngaprésiasi karya sastra, hususna ngeunaan kajian kritik sastra feminisme sarta; 3) bisa dijadikeun bahan kamekaran hasanah karya sastra Sunda dina widang kritik sastra.

### 1.5 Raraga Tinulis

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I. Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung struktur organisasi skripsi.

Bab II. Medar ngeunaan tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Ieu bab disebut minangka kajian pustakana. Kajian pustaka miboga fungsi minangka landasan téoritik dina nyusun rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan. Dina kajian pustaka, panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori sarta hasil panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

Bab III. Medar ngeunaan metode panalungtikan nu diwincik deui jadi metode panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, jeung analisis data.

BAB IV. Dina ieu bab dibagi jadi dua bagian nya éta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran intina atawa analisis *temuan* nu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina Bab II.

Bab V. Medar ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar patalékan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan,

**Anisa Rahma, 2013**

Citra Wanoja Sunda Dina Nu Kaul Lagu Kaléon Jeung 40 Dongéng Énténg Ti Pasantrén Karya R.A.F (Kajian Struktural Jeung Kritik Sastra Féminisme Idéologis)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.

